## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

### Ески имаратларды бузыў ҳәм қурылыс материалларынан нәтийжели пайдаланыў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 21-майдағы 01-05/3-192-санлы хаты ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Қурылысты қадағалаў инспекциясының техникалық жуўмақларын инабатқа алып, Тахтакөпир районы «Даўқара» АПЖ аймағында жайласқан 14-санлы улыўма билим бериў мектебиниң ески имараты, Елликқала районы «Кашкура» МПЖ аймағында жайласқан 9-санлы улыўма билим бериў мектебиниң ески имараты, Хожели районы «Әмиўдарья» АПЖ аймағында жайласқан 11-санлы улыўма билим бериў мектебиниң 1980-жылы пайдаланыўға тапсырылған ески қазанхана (котельная) ҳәм де 16-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң авария жағдайындағы 1986-жылдан берли пайдаланылмай турған спорт зал, мәжлислер залы, асхана, қоймахана ҳәм устахана имаратларын бузыў ҳәм қурылыс материалларынан нәтийжели пайдаланыў мақсетинде

### БУЙЫРАМАН:

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 21-майдағы 01-05/3-192-санлы хаты тийкарында бузыў жумысларын алып барыў ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Қурылысты қадағалаў инспекциясының техникалық жуўмақлары инабатқа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Тахтакөпир районы «Даўқара» АПЖ аймағында жайласқан 14-санлы улыўма билим бериў мектебиниң ески имараты, Елликқала районы «Кашкура» МПЖ аймағында жайласқан 9-санлы улыўма билим бериў мектебиниң ески имараты, Хожели районы «Әмиўдарья» АПЖ аймағында жайласқан 11-санлы улыўма билим бериў мектебиниң 1980-жылы пайдаланыўға тапсырылған ески қазанхана (котельная) ҳәм де 16-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң авария жағдайындағы 1986-жылдан берли пайдаланылмай турған спорт зал, мәжлислер залы, асхана, қоймахана ҳәм устахана имаратларының жарамлы қурылыс материалларынан нәтийжели пайдаланыў әмелдеги нызамшылықта белгиленген тәртипте әмелге асырылсын.

3. Қурылыс-оңлаў жумысларынан шыққан жарамлы материаллардан мақсетли пайдаланыў бойынша исши топар қурамы район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары басшылығында дүзилсин.

4. Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары басшылығында дүзилген исши топар қурамына:

- имаратты бузыўдан шыққан жарамлы материалларды тийисли тәртипте баҳалаў хызметин шөлкемлестириў ҳәм белгиленген тәртипте әмелге асырыў;

- жарамлы қурылыс материалларын сатыўдан түскен қәрежетлерди Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 5-сентябрьдеги ПҚ-3931-санлы қарарының 4-бәнтине тийкар «Халық билимлендириў тараўындағы реформаларға көмеклесиў жамғармасы»ның арнаўлы есап бетине (*е/630251086022626635110410 75*) толық өтиўин қадағалаў ўазыйпасы жүклетилсин.

5. Районлық халық билимлендириў бөлимлерине тийисли пайдаланылмай бос турған имаратларды бузыў, оннан шыққан жарамлы қурылыс материалларды мақсетли пайдаланыўды қадағалаў ушын министрлик тәрепинен исши топар қурамы 1-қосымшаға муўапық дүзилсин.

6. Тахтакөпир, Елликқала, Хожели районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:

- Тахтакөпир районы 14-санлы улыўма билим бериў мектебиниң ески имараты, Елликқала районы 9-санлы улыўма билим бериў мектебиниң ески имараты, Хожели районы 11-санлы улыўма билим бериў мектебиниң 1980-жылы пайдаланыўға тапсырылған ески қазанхана (котельная) ҳәм де 16-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң авария жағдайындағы 1986-жылдан берли пайдаланылмай турған спорт зал, мәжлислер залы, асхана, қоймахана ҳәм устахана имаратларының бузыў жумысларын нызамда белгиленген тәртипте әмелге асырыў ҳәм қадағалап барыў;

- бузылған имараттың босаған жер майданларынан нәтийжели пайдаланыў;

- жарамсыз имаратларды бузыўда техника ҳәм өмир қәўипсизлиги қағыйдаларына қатаң әмел етиўди қадағалаў;

- исши топар қурамы тәрепинен өткерилген инвентаризация нәтийжесинде анықланған жарамсыз материалларды ҳүжжетлестирип балансswitch шығарыў ҳәм алып барылған жумыслар бойынша министрликке жазба түрде мағлыўмат бериў ўазыйпалары жүклетилсин.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ў.ў.а И.Балтабаевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 25 - Май
127/1-санлы

Қарақалпақстан Республикасы Халық
билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл 25 - Май
127/1 - санлы буйрығына
1-қосымша

Тахтакөпир районы 14-санлы улыўма билим бериў мектебиниң ески имараты, Елликқала районы 9-санли улыўма билим бериў мектебиниң ески имараты, Хожели районы 11-санлы улыўма билим бериў мектебиниң пайдаланыўға тапсырылған ески қазанхана (котельная) ҳәм де 16-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң авария ҳалатындағы 1986-жылдан берли пайдаланылмай турған спорт зал, активый зал, асхана, қоймахана ҳәм устахана имаратларын бузыў ҳәм қурылыс материалларынан нәтийжели пайдаланыў бойынша

**Исши топар қурамы**

| | |
|---|---|
| 1. И.Балтабаев | Халық билимлендириў министриниң орынбасары ў.ў.а, топар баслығы |
| 2. Г.Бекмуратова | Қаржыландырыў, бухгалтериялық есабат ҳәм материаллық тәмийинлеў бөлими баслығы, топар баслығы орынбасары |
| 3. Т. Утепов | Финанслық анализ ҳәм режелестириў бөлими баслығы, ағза |
| 4. Д. Сарыбаев | Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими қәнигеси, ағза |
| 5. Р. Данияров | Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими қәнигеси, хаткер |